ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№135 (23.043) ● 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 15, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Нэщікіыж махуэ лъапІэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткІэ **унафэ сощ!**:

1. 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№100-УГ

КІуэкІуэ Юрий къыхилъхьащ Сабийхэм я творчествэмкІэ унэм фІащыну цІэмрэ абы и дамыгъэмрэ къыхэхыным теухуа зэпеуэ урагъэкІуэкІыну

Дыгъуасэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ ухуэныгъэр - Сабийхэм я творчествэмкІэ республикэ унэр - зэращІым щытепсэльыхьа зэІуІэ.

Абы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуз Н. Гъу., КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу А. М., Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ ТхуэдзокъуэМ. М. сымэ.

Метр зэбгъузэнатІэ мини 8,5-м щІигъу къыздрыкІ унэм иджыпсту лжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ. Абы и кІуэцІыр зэрахьэ, псыр, электрокъарур зэрекІуэлІэну линэжр яукъуэдий, канализацэм и бжьамийхэр щІалъхьэ, пщІантІэр зэІуэпэщ ящІ. Мыгувэу видеокамерэхэр зыхуэфащэ щІыпІэхэм щыфІалъхьэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхилъхьащ а ухуныгъэм фІащыну абы и дамыгъэмрэ къыхэхынымкІэ зэпеуэ урагъэкІуэкІыну икІи абы сабийхэм я деж къыщегъэжьауэ Іэщ1агъэлІхэм я деж щиухьжу къыхашэну, зэпеуэм кърикІуа-хэр 2015 гъэм зышцхьэуІум и 10-м фІэмыкІыку къапщытэжыну.

ЗэІуущІэм щыхэплъащ Іуэхущ1апІэр зыхуэфащэ лэжьакІуэхэмкІэ, ахъшэкІэ къызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэм. Сабийхэм я творчествэмкІэ унэр дызэрыт илъэсым кърихубыдзу яухыну ягъэуващ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ФІыуэ еджэхэр нэхъыбэ хъуащ

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кърикІуахэр зэхалъхьэж мы махуэхэм. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэнухэм я дежкІэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнэщ ар.

Къэралым и вуз нэхъыфІхэм щІэтІысхьэн щхьэкІэ ныбжьыщІэхэм баллышхуэхэр кхахьауэ щытын хуейщ. Апхуэдэ Іэмал нэхъыбэ мы гъэм яІэщ Москва и курыт еджапІэхэр къзэыухахэм.

«ФІы дыдэу еджа, экзаменхэмconsidered предметищымкІэ балл 220-рэ къэзыхьа москвадэс ныбжьыщІэхэм я бжыгъэр процент 27-кІэ нэхъыбэ хъуащ мы гъэм. Зы экзаменымкІэ баллищэ къэзыхьахэм я бжыгъэри процент 24-кІэ хэхъуащ. Абы ди щІалэгъуалэм Іэмал къарет къэралым и вуз нэхъ цІэрыІуэхэм щІэтІысхьэну, уеблэмэ бюджетым къыхэкІ ахъшэкІэ еджэну, - кьалащхьэм и Правительствэм и президиумым и зэІуІэ щригъэкІуэкІым апхуэдэу жиІащ Москва и Іэтащхьэ Собянин Сергей. - Бжьыгъэхэр щыхьэт тохъуэ щІэблэм щІэныгъэ зэрырат щІыкІэр зэрефІэкІуам».

Израилыр нэхъ къащтэ

Израилым щыпсэуну Іэпхъуэхэм я бжыгъэм КІуэ пэтми хохъуэ. Илъэс КІуам а къэралыр щыхуэмин 26,5-м псэупІэ ящІащ.

2014 гъэм еплъытмэ, Урысей Федерацэмрэ Украинэмрэ щыщу а къэралым кІуэжкэри куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ. Мы гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІдзауэ бадзэуэгъуэм и 11 пщІондэ Украинэм икІри Израилым Іэпхъуащ щІыху 3583-рэ. Ар процент 57-кІэ нэхъыбэщ илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ. УФ-м а бжьыгъэ 3146-рэ (2014 гъэм еплъытмэ, процент 52-кІэ нэхъыбэ) щохъу.

НэгъуэщІ къэралхэм икІыу Израилым Іэпхъуэжхэм я бжыгъэми хэщІакъым. Псалъэм папщІэ, Франджым щыщу щІыху 3124-рэ (нэгъабэ елъытауэ проценти 4-кІэ нэхъыбэ) абы Іэпхъуащ зэпымыууэ щыпсэуну, Инджылызым икІащ щІыху 290-рэ (проценти 9-кІэ нэхъыбэ). Италием, Бразилием, Бельгием щыщу Израилым щыпсэуныр нэхъ къэзыщтэхэми я бжыгъэм хэхъуащ. Нэхъ мащІэ хъуар Канадэм и щІыхуэху абы кІуэхэрщ.

Израилым Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и министр Элькин Зеэв зэрыжиІамкІэ, «журтхэм я къэралым икъукІэ къаруушхуэ ирихьэлІэн хуей мэхъу яхуэхкІуэхэр щыпсэуныкІэ, нэгъуэщІ зыхуеинухэмкІэ къызэригъэпэщын папщІэ». Апхуэдэуи яхэтІысхьэж щІыхуэхэм я зэфІэкІым фейдэ нэхъыбэ къызэрыхахьынми егупсысын хуей мэхъу.

♦1783 гъэм Лион къалэм пэмыжыжьэу щежэх Сонэ псым техьащ бахьэкІэ лажьэ ялэ кхъухьыр. Ар ищІат Франджым щыщ офицер, инженер Дороте Клод Франсуа.

♦1812 гъэм урысыдзэр Наполеон зэрытекІуам и щІыхькІэ хьэрэкІытІэхэр драгъэлъэтеящ.

♦1939 гъэм Бахъсэн, Аруан, Іуащьхэмахуэ щІыналъхъэм район газетхэр къыщыдэкІыу хуежьащ.

♦1957 гъэм РСФСР-м и гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм я лІыкІуэхэм я кІэух концертыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щекІуэкІащ.

♦1970 гъэм ГАЗ-24 «Волга» совет автомобилыр куэду къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1975 гъэм, дунейпсо тхыдэм апхуэдэ къыщымыхъуауэ, Совет Союзым и «Союз-19», Америкэм и «Аполлон» кхъухьитІыр зы махуэм хьэршым лъэтащ. Махуит дэкІри, кхъухьхэр хьэршым щызэпыуващ. Ди космонавтхэу Леонов Алексейрэ Кубасов Валерийрэ, США-м и астронавтхэу Стаффорд Томас, Брэнд Вэнс, Слейтон Дональд сымэ хьэршым къэхутэныгъэхэр зэгъусэу щрагъэкІуэкІа-гъэ щытащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и юрист **Шакъ Беслъэн** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэфакіуэ, хореограф, СССР-м и щІыхьб артист **Эсамбаев Махьмуд** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Іуэрыіуатэдж, литературовед, критик, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Пщыбий Инал** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Ашэбокъуэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ **Балъкъыз Батий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Башорэ Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гра-дус 24 - 26-рэ, жэщым гра-дус 19 – 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ФІым фІыщІэ пылъщ.

● КЪБР-м и Парламентым

Республикэм и промышленностым езым и Іыхьэ хилъхьэнущ хамэ къэралхэм къыщащэхур гъэмэщІэным

КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и комитетым и жэрдэмкІэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и щапхъэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьынымкІэ хэкІыпІэхэм щыхэплъа зэІуІэщ.

- КъуэкІыпІэ хэзыгъэ щхьэхуэхэм ди экономикэм и зыужьыныгъэр къэгъэтІэсхъэным хуэгъэза мардэ тКІийхэр зэрагъэувам къыхэкІыу мы зэманым къэралым и промышленнэ комплексым къыбгъэдэхуэ къалэнхэм нэрылъагъуу хэхъащ, - жиІащ зэІуІэр къыщыдзэІуихым КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Бозий Натбий**. - Апхуэдэ лъэхъэнэм хэхауэ зэгугъпхъэхэм ящыщ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным хуэунэтІа программэр тэмэму гъэзэщІэныр. Аращ Урысейм и экономикэ шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыныжкІэ хэхауэ зэлажьыпхъэр.

Адэкіэ Бозий Натбий зэрыжиІамкІэ, КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм зэхилъхьащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр ягъэмэщІэн папщІэ республикэм и промышленнэ предприятэхэм ящыныр продукцэм и спискэр. Абы лІэужьыгъуэу 28-рэ (Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щынэхьыбэ дыдэ) къызэщІеубыдэ. А спискэр Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм къыдилъытэкІа унафэмкІэ къыщтащ икІи нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху промышленнэ продукцэр гъэмэщІэным хуэгъэзауэ езым зэхилъхьа планым хигъэхьащ. А планыр гъэзэщІэным хэлэжьыхьынущ «Тэрчналмэс» заводри. НэгъуэщІ къэралхэм щащІ продукцэм фІагъкІи уасэкІи къыкІэрымыку Іэмэпсымэхэр къыщІэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ мы предприятэм щалэжьхэм тепсэлъыхьащ заводым и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ **Хьэжу Владимир**.

Языныкъуэ Іэмэпсымэ лІэужьыгъуэхэм я фІагъымкІэ, Іэнатіэм къыщагъэсэбэп технологиехэмкІэ заводыр какІэрыхуэрхьым дуней псом щыІэ апхуэдэ предприятэ нэхъ пэрыт дыдэхэм. Ауэ доклад зыщІам къызэригъэлъэгъамкІэ, иужьрей зэманым заводым къыщІигъэкІ продукцэм нэрылъагъуу къэрыхуащ. 2014 гъэм и япэ мазийм продукцэу сом мелуани 107,7-рэ и уасэ хуэщащэу аращ. 2013 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар зэрыхъур процент 26,7-рэщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу машинэ зыщІ предприятэхэмрэ геологие кхъухтэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ компаниехэм налмэс Іэмэпсымэу мащІэ дыдэ фІэкІа зэрамыщэхужьыр, нэгъуэщІ къэралхэм ирагъашэри кІуэтэху нэхъ мащІэ зэрыхъур.

Апхуэдэ щытыкІэм къикІын папщІэ лъэныкъуэ куэд къыззщІэзыуфыдэ инвестицэ проектыщІэ зэхалъхьащ. Абы ипкъ иткІэ Іэнатіэ псори иджырей техникэмкІэ къызэрагъэпэщынущ, миллиметр 0,1-м щегъэжьауэ миллиметри 3-м нэс си гъумагъ налмэс кІапсэхэр къыщІэзыгъэкІыну заводыщІэ яухуэнущ, апхуэдэу иджыпсту нэхъ щІэупщІэ зиІэну продукцэ лІужьыгъуэщІэхэр къыдагъэкІыу щІадзэнущ. КъызэрабжамкІэ, мы проектым и уасэр сом мелуан 460-рэ хуэдиз мэхъу. Ауэ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэхэр зэфІагъэкІрэ Іэнатіэхэр я лъэщагъ псомкІи лажьэу зэтрагъэува нэужь, предприятэм продукцу сом мелардым щІигу и уасэ къыщІигъэкІыфынущ. Инвестицэ проектыр 2018 гъэм нэсыху ягъэзэщІэн хуейщ.

«Езым игъэзэщІ продукцэ лІэужьыгъуэхэм я лъэныкъуэкІэ Урысей псор зыхуейм хуэдиз къыщІигъэкІыну предприятэм и пщэ дильхьэкьфынущ, ауэ абы папщІэ къэралыр кьыддэІэпыкъун, кредитхэм процентКІэ щІхьэщІттыкІ ахъшэм щыщ Іыхьэр тхуипшыныжьын, абы къыдэкІуэу къатщтэ щІыхуэхэм я лъэныкъуэкІэ къэралыр щэсапІэ ихьэн хуейщ, - жиІащ Хьэжу Владимир.

КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм инвестицэхэмрэ инноваци политикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Бланауэ Заурбэч** депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Норникель», «Ростех», «Роснефть», «Росгеологие» Іуэхущ1апІэ инхэр зыхуэныкъуэ продукцэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ ящыщу республикэм и предприятэхэм къыщІагъэкІыфынухэм. Абы хэм ятеуха тхыгъэ пыухыкІар министерствэм игъэхьэзыращ. Абы продукцэу, Іэмэпсымэу 20-м щигу къыщыгъэлъэгъуащи, абыхэм я нэхъыбэр иджыпсту щыщІэдзауэ къыщІагъэкІыфынущ, адрейхэр щынэр 2018 гъэм нэсыху зэтрагъэувэфынущ.

Министерствэм и лІыкІуэм и псалъэм къыхэщащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным телъэхьэныжкІэ зэран хуэ Іуэху пыухыкІахэри. Апхуэдэхэм ящыщу Іэнатіэхэр лэжьыгъэм хуэгъэхьэзырыным, предприятэхэр зэблэу къыхэмыкІыу гъэлэжьэным трагъэкІуэдэнахъшэр кьаззэремэщІэкІыр, кредит Іуэхущ1апІэхэм ят щІыхуэхэм проценткІэахъшэшхуэ щхьэщІтыкІын зэрыхуейр, заказхэр зэхуэхьэсыжауэ зэрыщымыІэр.

КЪБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ **Бирюк Александр** зэІуІэм къыщыщІэпсалъэм зэрыжиІамкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным, экспортыр нэхъыбэ щІыным, технологием зегъэужьыным яхуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъащхьэзыра инвестицэ проектхэм ящыщу 9-р Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм диІыгъащ. Абыхэм ящыщу тІур промышленностым и Іэнатіэм, тІур мэкъумэш хозяйствэм ехьэлІащ. ПыухыкІауэ къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ «Тэрчналмэс», «Севкаврентген-Д» заводхэм, волт льагэм ирилажьэ Іэмэпсымэ къыщІигъэкІыу Налшык дэт заводым, «Фарма Интернейшинал» Компани Россия СНГ», «Прохладнэ» Ленин орден зезыхьэ завод» предприятхэм я инвестицэ проектхэр. Аэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм щагъэззэщІэну инвестицэ проект нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ.

Зыхэплъэ Іуэхум теухуауэ депутатхэм я пащхьэ апхуэдэу къыщыпсэльащ «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и генеральнэ директор **Кузнецов Владимир**, «Фарма Интернейшинал Компани Россия - СНГ» жэуап зэхэгъэщхьэкІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ **Мирзоевэ ФатІимэ**, «КЪБР-м и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэм и вице-президент **Гуэбэщ1ыкІ Жантемыр** сымэ.

ЗэІуущІэм щыжаІахэм ягъэкІ иткІэ къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым КЪБР-м щытыкІэ зэпІэзэрыт къыщыщІэзгъэпэщынымрэ тэмэму зегъэужьынымрэ я Іуэхухэмкіэ и комиссэм хэтхэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩІэныгъэ Іуэхури зыгъэпсэхунри къыззщІиубыдэу

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Эльбрус поселкэм щиІэ еджапІэ-щІэныгъэ комплексым студент самоуправленэм къыщыхэжаныкІхэм папщІэ бадзэуэгъуэм и 16-21-хэм щрагъэкІуэкІынущ щІыналъэ зэхуаку щІэныгъэ лагерь.

Абы хиубыдэу лекцэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ, нэгъуэщІ Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІынущ. Мыр зытеухуар студентхэм я самоуправленэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныкІэ ар и лъабжьэу щІалэгъуалэм я жьджэрагъыр къэІэтыныбрэщ.

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хьэжу Владимир

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Хьэмащэ и хъупІэм

Дзэлыкъуэ и Хьэмащэ хъупІэм и штабым и унафэщІ Шурдым Борис зэрыжиІамкІэ, иджыпсту а щІыпІэм Іэщ1эвыщІэу мин 11-рэ 300-рэ, мэлрэ бжэну мин 303-рэ, щыуэ мини 2-м нэс щыІэщ. Абыхэм якІэлъэпльэ Іэщ1агъэлІрэ Іэщ1ыхъуэу 320-рэ.

«Мы гъэм хъуныр бэгъуащ. Іэщыр мыбы къыщаша ипэ махуэхэм щыщІэдзауэ гъэшыфІ къатри, абы дрогуфІэ», - жеІэ Шурдымым.

ХъупІэ щІыпІэу 300-м щІигъу здэщыІэ Хьэмащэм зы жэщ-махуэм хуэзэу шэ хэпльыхьауэ килограмм мин 18 къыщыщІащ. Мыбы щхьэантІагъэ зэмылІэужьыгъуэу 100-м нэс къыщокІ. Апхуэдэ щІыуэпс къулейм и фІыгъэкІэ, гъэшыр куэдщ, Іэфщ икІи къабзэщ. Ипэ илъэсхэм Хьэмащэ дэта шэ заводым гъэшым тыншу щелэжьыжу щытащ. Илъэс зыбжанэ хьуауэ а Іуэхущ1апІэр лэжьэжьркъым. Абы къыхэкІыу шэр Налшык, Сэрмакъ, Зеикъуэ яшэн хуей мэхъу. Штабым пэжьжьэ Іэнатіэхэм я гъэшым езыхэр йолэжьыж: шатэ трах, кхъуей, кхъуейльалъэ хахри, республикэм и сату щІыпІэхэм ирагъашэ.

Хьэмащэ хъупІэм щыІэхэм ящыщу Іэщ бжыгъэ нэхъыбэ щаІыгъщ «Настаев» КФХ-м (Іуащьхьэмахуэ щІыналъэ). Абы Іэщ1ышхуэу мини 2-м нэс, мэлу мини 8 иІэщ. Абы къыкІэльокІуэ Іэщу 850-рэ, мэлу мини 2 зиІэ «Рассвет-Н» агрофирмэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НэщІикІыжыр Налшык зэрыщагъэлъэпІэнур

Бадзэуэгъуэм и 17-м НэщІикІыж хьидым ехьэІа Іуэхуэгъуэзыбжанэхэзыззрагъэпэщынущ.

Сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 30-м кхъалащхьэм и мэжджэгытшхуэм жумэ нэмэз щащІынущ, сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-м сабийхэм я гуфІэгъуэ зэхьхьэ кьызэрагъэпэщынущ.

Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 18-м нэсыху кьалэ парксым и зытепсэхуп1эхэри зэІуахуэ щытынущ. А махуэм сабийхэри балигъхэри зоопарксым пщІэншэу ирагъэхьэнущ, апхуэдэу парксым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм цІыкІухэм папщІэ Іэфы-кІэ Іэнэхэр къыщащтэнущ.

А дауэдапщэ псори кьызэригъэпэщынущ КЪБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм.

Щ1эпхъаджащ1эу щы Бахъсэн къалэм и Іэшэлъашэхэм щаукІащ

ТЕРРОРЫМ пэщІэтыныкІэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащІэ центрым къызэритымкІэ, дыгуасэ, бадзэуэгъуэм и 14-м, сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 30-м дек Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм щагъэуващ террорым пэщІэтыныкІэ лжьэгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэм и хабзэ. Ар къызыхэкІар Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ я зэхуакум хуэзэу щІэпхъаджащІэхэм я гъэмахуэ хэщІапІэ щыІэу шынагъэншагъэмкІэ органхэм хуабгъэ къаззрыІэрыхьарт.

А щІыпІэр ФСБ-мрэ МВД-мрэ я подразделенэ хэхахэм хэтхэм щІэпхъаджащІэхэм ящыщу щым яІуауэ икІи ахэр хабзэхьумэжам автоматкІэ къахэуэу, гранатэхэр къагъэсэбэпу щІадзащ. Апхуэдэу зэхаубла зэхэуэ кІэщым щІэпхъаджащІэхэр зэкІуэдащ. Иджыпсту ахэр хэтми зэхагъэкІ. Ауэ Урысейм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къупльхьущІапІэу республикэм щыІэм къызэритамкІэ, яукІа бзаджащІэхэр щІэпхъаджагъэ зыльэкІыр зыльэжьа, хабзэхьумэ органхэм я лэжьакІуэхэмрэ дзэм къупльхьу щызыщІэзгъэпэ 2013 - 2014 гъэхэм кьриубыдэу КЪБР-м и щІыналъэмрэ Ставрополь краймрэ щатеуа гупым ящыщщ.

Зэхэуэр щекІуэкІа щІыпІэр къащІапльхьыным гранатэхэр, автоматхэр, кІэрахъуэхэр кьагъуэтащ. Апхуэдэу а щІыпІэм пэмыжьжьэу щыІэу къащІащ, зэман кІыхькІэ щІыпсэуп папщІэ щІэпхъаджащІэхэм ягъэхьэзыра блиндаж, пэшищ хъууэ.

КЪБР-м щыІэ Оперативнэ штабым къет

ЦІыхухэм я гъащІэм, узынщагъэм, мылъкум я лъэныкъуэкІэ шынагъуэ зэрыщымыІэжьым къыхэкІыу Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къупльхьущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Усов О. Л. унафэ кьищтащ Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ я зэхуакум зэхуэныкъуэ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 30-м щегъэжьауэ терроры пэщІэтыныкІэ щагъэувауэ щІэта хабзэр щхьэщхьыжьыным теухуауэ.

«Терроризмэм пэщІэтыныр и Іуэхукіэ» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и ипкъ иткІэ террорым пэщІэтыныкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыналъэм и хабзэхэмрэ пІалъэкІэ ягъэува мардэхэмрэ а щІыпІэм щхьэщхьжаг 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ.

Къэрал властым и федеральнэ органхэм, апхуэдэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэу егъэджэныгъэм и IэнатIэр зыунэтIхэм я къэрал къэпщытэныгъэм (кIэлъыплъыныгъэм) щIэт организацэхэм нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI адрей организацэхэм яхуэгъэзауэ егъэджэныгъэмкIэ къэрал къэпщытэныгъэр (кIэлъыплъыныгъэр) егъэкIуэкIынымкIэ къэрал къалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ и министерствэм зэригъэзащIэмкIэ Административнэ регламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №45-УГ-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэрал властым и федеральнэ органхэм, апхуэдэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэу егъэджэныгъэм и IэнатIэр зыунэтIхэм я къэрал къэпщытэныгъэм (кIэлъыплъыныгъэм) щIэт организацэхэм нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI адрей организацэхэм яхуэгъэзауэ егъэджэныгъэмкIэ къэрал къэпщытэныгъэр (кIэлъыплъыныгъэр) егъэкIуэкIынымкIэ къэрал къалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ и министерствэм зэригъэзащIэмкIэ Административнэ регламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №45-УГ-мкIэ къыщтам, и пункт 4-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи ар мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«4. Къэрал къалэнхэр гъэзэщIэныр ирагъэкIуэкI мы къыкIэлъыкIуэхэм тету:

Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексу 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м №195-ФЗ-м щIэту къащтам (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2002 гъэ, №1, 1-нэ статья; №18, 1721-нэ статья; №30, 3029-нэ статья; №44, 4295-нэ, 4298-нэ статьяхэр; 2003 гъэ, №1, 2-нэ статья; №27, 2700, 2708-нэ; 2717-нэ статьяхэр; №46, 4434-нэ, 4440-нэ статьяхэр; №50, 4847-нэ, 4855-нэ статьяхэр; №52, 5037-нэ статья; 2004 гъэ, №19, 1838-нэ статья; №30, 3095-нэ статья; №31, 3229-нэ статья; №34, 3529-нэ, 3533-нэ статьяхэр; №44, 4266-нэ статья; 2005 гъэ, №1, 9-нэ, 13-нэ, 37-нэ, 40-нэ, 45-нэ статьяхэр; №10, 76-нэ, 963-нэ статьяхэр; №13, 1075-нэ, 1077-нэ, 1079-нэ статьяхэр; №17, 1484-нэ статья; №19, 1752-нэ статья; №25, 2431-нэ статья; №27, 2719-нэ, 2721-нэ статьяхэр; №30, 3104-нэ, 3124-нэ, 3131-нэ статьяхэр; №40, 3986-нэ статья; №50, 5247-нэ статья; №52, 5574-нэ, 5596-нэ, 2006-нэ статьяхэр; №1, 4-нэ, 10-нэ статьяхэр; №2, 172-нэ, 175-нэ статьяхэр; №6, 636-нэ статья; №10, 1067-нэ статья; №12, 1234-нэ статья; №17, 1776-нэ статья; №18, 1907-нэ статья; №19, 2066-нэ статья; №23, 2380-нэ, 2385-нэ статьяхэр; №28, 2975-нэ статья; №30, 3287-нэ статья; №31, 3420-нэ, 3432-нэ, 3433-нэ, 3438-нэ, 3452-нэ статьяхэр; №43, 4412-нэ статья; №45, 4633-нэ, 4634-нэ, 4641-нэ статьяхэр; №50, 5279-нэ, 5281-нэ статьяхэр; №52, 5498-нэ; 2007 гъэ, №1, 21-нэ, 25-нэ, 29-нэ, 33-нэ статьяхэр; №7, 840-нэ статья; №15, 1743-нэ статья; №16, 1824-нэ, 1825-нэ статьяхэр; №17, 1930-нэ статья; №20, 2367-нэ статья; №21, 2456-нэ статья; №26, 3089-нэ статья; №30, 3755-нэ статья; №31, 4001-нэ, 4007-нэ - 4009-нэ, 4015-нэ статьяхэр; №41, 4845-нэ статья; №43, 5084-нэ статья; №46, 5553-нэ статья; №49, 6034-нэ, 6065-нэ статьяхэр; №50, 6246-нэ статья; 2008 гъэ, №10, 896-нэ статья; №18, 1941-нэ статья; №20, 2251-нэ, 2259-нэ статьяхэр; №29, 3418-нэ статья; №30, 3582-нэ, 3601-нэ, 3604-нэ статьяхэр; №45, 5143-нэ статья; №49, 5738-нэ, 5745-нэ, 5748-нэ статьяхэр; №52, 6227-нэ, 6235-нэ, 6236-нэ, 6248-нэ статьяхэр; 2009 гъэ, №1, 17-нэ статья; №7, 771-нэ, 777-нэ статьяхэр; №19, 2276-нэ статья; №23, 2759-нэ, 2767-нэ, 2776-нэ статьяхэр; №26, 3120-нэ, 3122-нэ, 3131-нэ, 3132-нэ статьяхэр; №29, 3597-нэ, 3599-нэ, 3635-нэ, 3642-нэ статьяхэр; №30, 3735-нэ, 3739-нэ статьяхэр; №45, 5265-нэ, 5267-нэ статьяхэр; №48, 5711-нэ, 5724-нэ, 5755-нэ статьяхэр; №52, 6406-нэ, 6412-нэ статьяхэр; 2010 гъэ, №1, 1-нэ статья; №11, 1169-нэ, 1176-нэ статьяхэр; №15, 1743-нэ, 1751-нэ статьяхэр; №18, 2145-нэ статья; №19, 2291-нэ статья; №21, 2524-нэ - 2526-нэ, 2530-нэ статьяхэр; №23, 2790-нэ статья; №25, 3070-нэ статья; №27, 3416-нэ, 3429-нэ статьяхэр; №28, 3553-нэ статья; №29, 3983-нэ статья; №30, 4000, 4002-нэ, 4005-нэ - 4007-нэ статьяхэр; №31, 4155-нэ, 4158-нэ, 4164-нэ, 4191-нэ - 4193-нэ, 4195-нэ, 4198-нэ, 4206-нэ - 4208-нэ статьяхэр; №41, 5192-нэ, 5193-нэ статьяхэр; №46, 5918-нэ статья; №49, 6409-нэ статья; №50, 6605-нэ статья; №52, 6984-нэ, 6995-нэ, 6996-нэ статьяхэр; 2011 гъэ, №1, 10-нэ, 23-нэ, 29-нэ, 33-нэ, 47-нэ, 54-нэ статьяхэр; №7, 901-нэ, 905-нэ статьяхэр; №15, 2039-нэ, 2041-нэ статьяхэр; №17, 2310-нэ, 2312-нэ статьяхэр; №19, 2714-нэ, 2715-нэ, 2769-нэ статьяхэр; №23, 3260-нэ, 3267-нэ статьяхэр; №27, 3873-нэ, 3881-нэ статьяхэр; №29, 4284-нэ, 4289-нэ - 4291-нэ, 4298-нэ статьяхэр; №30, 4573-нэ, 4574-нэ, 4584-нэ, 4585-нэ, 4590-нэ, 4591-нэ, 4598-нэ, 4600, 4601-нэ, 4605-нэ статьяхэр; №45, 6325-нэ, 6326-нэ, 6334-нэ статьяхэр; №46, 6406-нэ статья; №47, 6601-нэ, 6602-нэ статьяхэр; №48, 6728-нэ, 6730-нэ, 6732-нэ статьяхэр; №49, 7025-нэ, 7042-нэ, 7056-нэ, 7061-нэ статьяхэр; №50, 7342-нэ, 7345-нэ, 7346-нэ, 7351-нэ, 7352-нэ, 7355-нэ, 7362-нэ, 7366-нэ статьяхэр; 2012 гъэ, №6, 621-нэ статья; №10, 1166-нэ статья; №15, 1723-нэ, 1724-нэ статьяхэр; №18, 2126-нэ, 2128-нэ статьяхэр; №19, 2278-нэ, 2281-нэ статьяхэр; №24, 3068-нэ, 3069-нэ, 3082-нэ статьяхэр; №25, 3268-нэ статья; №29, 3996-нэ статья; №31, 4320-нэ, 4322-нэ, 4329-нэ, 4330-нэ статьяхэр; №41, 5523-нэ статья; №47, 6402-нэ - 6405-нэ статьяхэр; №49, 6752-нэ, 6757-нэ статьяхэр; №50, 6967-нэ статья; №53, 7577-нэ, 7580-нэ, 7602-нэ, 7639-нэ - 7641-нэ, 7643-нэ статьяхэр; 2013 гъэ, №4, 304-нэ статья; №8, 717-нэ - 720-нэ статьяхэр; №14, 1641-нэ, 1642-нэ, 1651-нэ, 1657-нэ, 1658-нэ, 1666-нэ статьяхэр; №17, 2029-нэ статья; №19, 2307-нэ, 2318-нэ, 2319-нэ, 2323-нэ, 2325-нэ статьяхэр; №23, 2871-нэ, 2875-нэ статьяхэр; №26, 3207-нэ - 3209-нэ статьяхэр; №27, 3442-нэ, 3454-нэ, 3458-нэ, 3465-нэ, 3469-нэ, 3470-нэ, 3477-нэ, 3478-нэ статьяхэр; №30, 4025-нэ - 4036-нэ, 4040-нэ, 4044-нэ, 4059-нэ, 4078-нэ, 4081-нэ, 4082-нэ статьяхэр; №31, 4191-нэ статья; №40, 5032-нэ статья; №43, 5443-нэ - 5446-нэ, 5452-нэ статьяхэр; №44, 5624-нэ, 5633-нэ, 5643-нэ, 5644-нэ статьяхэр; №48, 6158-нэ, 6159-нэ, 6161-нэ, 6163-нэ - 6165-нэ статьяхэр; №49, 6327-нэ, 6341-нэ - 6345-нэ статьяхэр; №51, 6683-нэ, 6685-нэ, 6695-нэ, 6696-нэ статьяхэр; №52, 6948-нэ, 6953-нэ, 6961-нэ, 6980-нэ, 6981-нэ, 6986-нэ, 6994-нэ, 6995-нэ, 6999-нэ, 7002-нэ, 7010-нэ статьяхэр; 2014 гъэ, №6, 557-нэ, 558-нэ, 566-нэ статьяхэр; №10, 1087-нэ статья; №11, 1092-нэ, 1096-нэ - 1098-нэ статьяхэр; №14, 1553-нэ, 1561-нэ, 1562-нэ статьяхэр; №16, 1834-нэ, 1921-нэ статьяхэр; №19, 2302-нэ, 2306-нэ, 2310-нэ, 2317-нэ, 2324-нэ - 2327-нэ, 2330-нэ, 2333-нэ, 2335-нэ статьяхэр; №23, 2927-нэ, 2928-нэ статьяхэр; №26, 3366-нэ, 3368-нэ, 3377-нэ, 3379-нэ, 3395-нэ статьяхэр; №30, 4211-нэ, 4214-нэ, 4218-нэ, 4220-нэ, 4224-нэ, 4228-нэ, 4233-нэ, 4244-нэ, 4248-нэ, 4256-нэ, 4259-нэ, 4264-нэ, 4278-нэ статьяхэр; №42, 5615-нэ статья; №43, 5799-нэ, 5801-нэ статьяхэр; №45, 6142-нэ статья; №48, 6636-нэ, 6638-нэ, 6642-нэ, 6643-нэ, 6651-нэ, 6653-нэ, 6654-нэ статьяхэр; №52, 7541-нэ, 7545-нэ, 7547-нэ, 7549-нэ, 7550-нэ, 7557-нэ статьяхэр; 2015 гъэ, №1, 35-нэ - 37-нэ, 67-нэ, 68-нэ, 74-нэ, 83-нэ, 85-нэ статьяхэр; №6, 885-нэ статья; №7, 1023-нэ статья; №10, 1405-нэ, 1411-нэ, 1416-нэ, 1427-нэ статьяхэр; №13, 1804-нэ, 1805-нэ, 1811-нэ статьяхэр; №14, 2011-нэ, 2021-нэ статьяхэр; №18, 2619-нэ, 2620-нэ, 2623-нэ статьяхэр) (адэкIэ - Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодекс);

«Къэрал, къэпщытэныгъэ (кIэлъыплъыныгъэ), муниципальнэ къэпщытэныгъэ щрагъэкIуэкIкIэ юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным и IуэхукIэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къащта Федеральнэ Закон №294-ФЗ-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2008 гъэ, №52, 6249-нэ статьяхэр; 2009 гъэ, №18, 2140-нэ статья; №29, 3601-нэ статья; №48, 5711-нэ статья; №52, 6441-нэ статьяхэр; 2010 гъэ, №17, 1988-нэ статья; №18, 2142-нэ статья; №31, 4160-нэ, 4193-нэ, 4196-нэ статьяхэр; №32, 4298-нэ статья; 2011 гъэ, №1, 20-нэ статья; №17, 2310-нэ статья; №23, 3263-нэ статья; №27, 3873-нэ, 3880-нэ статьяхэр; №30, 4590-нэ статья; №48, 6728-нэ статья; 2012 гъэ, №19, 2281-нэ статья; №26, 3446-нэ статья; №31, 4320-нэ, 4322-нэ статьяхэр; №47, 6402-нэ статья; 2013 гъэ, №9, 874-нэ статья; №27, 3477-нэ статья; №30, 4041-нэ статья; №44, 5633-нэ статья; №48, 6165-нэ статья; №49 (I Iыхьэ), 6338-нэ статья; №52 (I Iыхьэ), 6961-нэ, 6979-нэ, 6981-нэ статьяхэр; 2014 гъэ, №11, 1092-нэ, 1098-нэ статьяхэр; №26 (I Iыхьэ), 3366-нэ статья; №3 (I Iыхьэ), 4220-нэ - 4235-нэ, 4243-нэ, 4256-нэ статьяхэр; №42, 5615-нэ статья; №48, 6659-нэ статья; 2015 гъэ, №1 (I Iыхьэ), 53-нэ статья, 64-нэ статья, 72-нэ статья, 85-нэ статья) (адэкIэ - Федеральнэ Закон №294-ФЗ);

«Урысей Федерацэм егъэджэныгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къащта Федеральнэ Закон №273-ФЗ-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2012 гъэ, №53, 7598-нэ статья; 2013 гъэ, №19, 2326-нэ статья; №23, 2878-нэ статья; №27, 3462-нэ статья; №30, 4036-нэ статья; №48, 6165-нэ статья; 2014 гъэ, №6, 562-нэ, 566-нэ статьяхэр; №19, 2289-нэ статья; №22, 2769-нэ статья; №23, 2930-нэ, 2933-нэ статьяхэр; №26 (I Iыхьэ), 3388-нэ статья; №30 (I Iыхьэ), 4217-нэ, 4257-нэ, 4263-нэ статьяхэр; 2015 гъэ, №1 (I Iыхьэ), 42-нэ, 53-нэ, 72-нэ статьяхэр) (адэкIэ - Федеральнэ Закон №273-ФЗ);

«Юридическэ IэнатIэу, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр планым ипкъ иткIэ яубзыхуа пIалъэхэм тету къапщытэхэм узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ IэнатIэхэм хиубыдэу зэфIагъэкI лэжьыгъэ лIэужьыгъуэхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа унафэмкIэ къащтам (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2009 гъэ, №48, 5824-нэ статья; 2011 гъэ, №4, 614-нэ статья);

«Юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ пIалъэ пыухыкIахэм тету къызэрапщытэнумкIэ гъэ къэс зэфIагъэкIынухэм я планхэр къэрал къэпщытэныгъэмкIэ (кIэлъыплъыныгъэмкIэ) органхэмрэ муниципальнэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ органхэмрэ зэрагъэхьэзыр Хабзэхэр къэщтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Унафэ №489-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2010 гъэ, №28, 3706-нэ статья; 2012 гъэ, №2, 301-нэ статья; №53, 7958-нэ статья);

«Къэрал къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ административнэ регламентхэр, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ административнэ регламентхэр зэхэлъхьэнымрэ къэщтэнымрэ ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм накъыгъэм и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №373-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2011 гъэ, №22, 3169-нэ статья; №35, 592-нэ статья; 2012 гъэ, №28, 3908-нэ статья; №36, 4903-нэ статья; №50, 7070-нэ статья; №52, 7507-нэ статья; 2014 гъэ, №5, 506-нэ статья);

«ЕгъэджэныгъэмкIэ программэу аккредитацэ зиIэхэм тету егъэджэныгъэ Iуэхур къызэзыгъэпэщ организацэхэм я реестр» къэрал хъыбарегъащIэ системэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 24-м къыдигъэкIа Унафэ №438-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэ, №22, 2821-нэ статья);

«ЕгъэджэныгъэмкIэ программэу къэралым и щэхухэр зыхиубыдэхэр зыгъэзащIэ еджапIэхэм я лэжьыгъэм хуэгъэза къэрал къэпщытэныгъэр (кIэлъыплъыныгъэр) зэрырагъэкIуэкIым хуагъэув мардэхэр къэщтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №627-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэ, №31, 4223-нэ статья);

«ЕгъэджэныгъэмкIэ IэнатIэм и щытыкIэм кIэлъыплъыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къыдигъэкIа Унафэ №662-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэ, №33, 4378-нэ статья);

«Егъэджэныгъэм и IэнатIэм хуэгъэза къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ къэрал хъыбарегъащIэ системэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №719-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэ, №34, 4448-нэ статья) (адэкIэ - Егъэджэныгъэм и IэнатIэм къэрал кIэлъыплъыныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ къэрал хъыбарегъащIэ системэм и Хабзэхэр);

«Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр зэратым и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа Унафэ №966-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэ, №44, 5764-нэ статья; 2014 гъэ, №49 (VI Iыхьэ), 6953-нэ статья);

«Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм ехьэлIа къэрал аккредитацэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м къыдигъэкIа Унафэ №1039-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2013 гъэм, №47, 6118-нэ статья; 2015 гъэ, №3, 576-нэ статья);

«Къэрал къэпщытэныгъэ (кIэлъыплъыныгъэ) егъэкIуэкIынымкIэ уполномоченнэ органхэм, муниципальнэ къэпщытакIуэ органхэм къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIыным кърашалIэ экспертхэм я аттестацэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа Унафэ №636-м (Урысей Федерацэм и законодательствэр щызэхуэхьэса тхылъ, 2014 гъэ, №29, 4142-нэ статья);

«Къэрал къэпщытэныгъэ (кIэлъыплъыныгъэ), муниципальнэ кIэлъыплъыныгъэ щрагъэкIуэкIкIэ юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным и IуэхукIэ» Федеральнэ Законым къигъэувхэр гъэзэщIэным теухуауэ» Урысей Федерацэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкIа приказ №141-м (Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм 2009 гъэм накъыгъэм и 13-м итхащ №13915-м щIэту, «Российская газета», 2009 гъэ, №85; 2010 гъэ, №156; 2011 гъэ, №260) (адэкIэ - Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и приказ №141».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№90-УГ

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Мазих лэжьыгъэм ироплъэж

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ и Управленэм щызэхалъхьэжащ 2015 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэр, гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэр щаубзыхуащ.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэч**, Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщIэ **Малей Марьянэ**, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и аппаратым и унафэщI **Уэщхъун Тимур**, КъБР-м и Парламентым законным тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мовсисян Грант**, КъБР-м щыIэ МВД-м и Инспекцэм и инспектор нэхъыщхьэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник **АфIэунэ Сергей**, полицэм и унафэщIым и къуэдзэ **КIэрэф Роберт**, Налшык къалэм и прокурорым и япэ къуэдзэ **Вовк Алексей**, УМВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** сымэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ блэкIа мазихым кърикIуахэм ятещIыхьауэ я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIэхыпхъэхэм, 2015 гъэм и ещанэ мазищым къапэщыт къалэнхэм.

Абыхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник **Геграев Марат**.

Геграевым къызэрыхигъэщамкIэ, Налшык къалэм и полицейхэм 2015 гъэм и япэ мазихым жылагъуэ хабзэр къыщызэрагъэпэщащ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхугъуэ 860-м. Абыхэм ящыщщ жылагъуэ-политикэ зэхыхьи 105-р, щэнхабзэ-нэгузыужь 450-р, спорт зэIущIэ 270-р, диным епха Iуэхугъуэ 23-р, пэкIу 12-р.

ЩIэпхъаджагъэ мыхьэлъэу республикэм и щыхьэрым щалэжьыр нэхъ мащIэ хъуащ. ЩIэпхъаджагъэу сэтей къащIым хэхъуащ. Налшык къалэм щыIэ бэзэрхэм фадэхэкI нэпцIхэр щащэныр щымыгъэIэным, хьэщыкъ узыщI джэгукIэхэр къызэзыгъэпэщхэр къыщIэгъэщыным елэжьащ.

ЗэIущIэм хэтахэр едэIуащ Налшык къалэ щIыналъэм щIэпхъаджагъэу къыщыхъум теухуауэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм жаIамрэ Iуэхур ефIэкIуэнымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэмрэ.

Я лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщызэщIакъуэжым **Тату Къазбэч** IэнатIэхэм я унафэщIхэм быдэу яжриIащ щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу къызэрынэжыр. Абы хохьэ Iулъхьэр, цIыхум гъэпцIагъэкIэ и мылъкур къыIэщIэгъэкIыныр, наркотикхэмрэ Iэщэмрэ хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъакIуэм пэщIэтыныр.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Ведомствэхэм я унафэм щIэт организацэхэм (IуэхущIапIэхэм) папщIэ

Ягъэува квотэм и пщалъэхэм къитIасэу ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапIэ къызэращтэр, фIэкIыпIэншэу ягъэзэщIэн хуей унафэхэр зэрызэбграгъэкIыр, протоколхэр зэратхыр зэхигъэкIыну хуиту къэрал къэпщытэныгъэмрэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ уполномоченнэ органу ягъэува КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм («Урысей Федерацэм цIыхухэм лэжьыгъэ къащыхуэгъуэтыным и IуэхукIэ» 1991 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыдэкIа УФ-м и Закон №1032-1-м и 7.1-1-нэ статьям и япэ пунктым и 6-нэ пункт гуэдзэ, «Лэжьыгъэ зымыгъуэт цIыху гуп щхьэхуэхэм IэнатIэ къыхудахын мурадкIэ квотэхэр гъэувыным и IуэхукIэ» 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къащта КъБР-м и Закон №19-РЗ-м и 6-нэ статьям и 2-нэ пункт) хъыбар фегъащIэ.

«Урысей Федерацэм ныкъуэдыкъуэхэр социальнэу щыхъумэным и IуэхукIэ» 1995 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м къыдэкIа Федеральнэ закон №181-ФЗ-м и 24-нэ статьям, «Лэжьыгъэ зымыгъуэт цIыху гуп щхьэхуэхэм IэнатIэ къыхудахын мурадкIэ квотэхэр гъэувыным и IуэхукIэ» 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къащта КъБР-м и Закон №19-РЗ-м япкъ иткIэ, лэжьапIэ зымыгъуэт цIыху гуп щхьэхуэхэм IэнатIэ иратын щхьэкIэ, зи мылъкуу щытым, и къызэгъэпэщыкIэм емылъытауэ, цIыхуи 100-м щIигъу щылажьэ организацэхэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мыпхуэдэ квотэ щагъэув:

лэжьакIуэхэр ику иту зэрыхъум я процентищыр ныкъуэдыкъуэу къащтэну;

лэжьакIуэхэр ику иту зэрыхъум я процентитIыр (сабий зеиншэхэр, сабий унэхэм щапIахэр, адэ-анэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмытыжхэр яхэту) балигъ мыхъуахэм ящыщу илъэс 14-м щегъэжьауэ 18-м итхэр къащтэну.

ЛэжьакIуэ 35-рэ, 100-м нэс зиIэ унафэщIхэм я цIыхухэр ику иту зэрыхъум я процентитIыр ныкъуэдыкъуэу къащтэну.

ЛэжьапIэ IэнатIэ къызэрагъэпэщауэ (хухахауэ) къалъытэ ныкъуэдыкъуэхэр къащтамэ е къызэращтэнум хуагъэхьэзырамэ.

Къищынэмыщlауэ, унафэщIхэм я къалэнщ ныкъуэдыкъуэхэм IэнатIэ къыхудахын щхьэкIэ зыхуей хъыбархэр, щыIэ хабзэм тету, лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм иратыну (1995 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м къыдэкIа Федеральнэ закон №181-ФЗ-м и 24-нэ статьям и 3-нэ пункт).

Ятын хуей хъыбархэм ящыщщ:

- организацэм и лэжьакIуэхэр ику иту зэрыхъум, IэнатIэхэр квотэкIэ зэрызэхуагъакIуэм ятеухуахэр - илъэс къэс (2008 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къащта КъБР-м и Закон №19-РЗ-м и 5-нэ статьям и 3-нэ пунктым и япэ пункт гуэдзэ);

- квотэкIэ къызэIуаха IэнатIэм Iутхэр зэрыIуагъэкIам теухуар - IуагъэкIыну унафэ къыщащтам щегъэжьауэ махуипщI пIалъэм къриубыдэу (2008 гъэм мэлыжьыхьым нэ 10-м къыдэкIа КъБР-м и Закон №19-РЗ-м и 5-нэ статьям и 3-нэ пунктым и 2-нэ пункт гуэдзэ);

- унафэщIыр и къалэным зэрыпэмылъэщым (банкрот зэрыхъуам) теухуар, апхуэдэу ныкъуэдыкъуэхэм профессиональнэу зыщIагъэкъуэн, лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ ядэIэпыкъун папщIэ зыхуей хъыбархэр - мазэ къэс (1991 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къащта УФ-м и Закон №1032-1-м и 25-нэ статьям и 3-нэ пункт).

- хуит къэхъуа IэнатIэхэм (къулыкъухэм), ныкъуэдыкъуэхэр къэщтэнымкIэ квотэр зэрагъэзащIэм, щыIэ лэжьапIэхэр зыхуэдэр зэрызыхуагъакIуэ щIыпIэ пщалъэ актхэри хэту, ягъэува квотэм ипкъ иткIэ, ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща е абыхэм хухаха IэнатIэхэм ятеухуахэр - мазэ къэс (1991 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыдэкIа УФ-м и закон №1032-1-м и 25-нэ статьям и 3-нэ пункт);

- IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэм игъэкIуа цIыхур лэжьапIэм къащтамэ, ар щагъэува махуэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъыр махуитху пIалъэм къриубыдэу лэжьыгъэ къахуэзылъыхъуэ IэнатIэм унафэщIым хуегъэхьыж. Ямыгъэувамэ, щыкIуа махуэмрэ щхьэусыгъуэмрэ зыгъэкIуа IуэхущIапIэм и тхылъым (направленэм) унафэщIым иретхэри, лэжьапIэ къамыщта цIыхум ар иретыж (1991 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыдэкIа УФ-м и Закон №1032-1-м и 25-нэ статьям и 3-нэ пункт);

Ищхьэкlэ зи гугъу щытщIахэр зымыгъэзащIэ унафэщIым, Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексымрэ КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексымрэ къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, жэуап ехь:

1. Ягъэува квотэм тету, ныкъуэдыкъуэхэм лэжьыгъэ иратын щхьэкIэ, IэнатIэ къызэгъэпэщыным е хухэхыным теухуа пщэрылъыр зымыгъэзащIэ, апхуэдэу ягъэува квотэм къитIасэу ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапIэм къэзымыщтэ унафэщIхэм, Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 5.42-нэ статьям и япэ пунктым ипкъ иткIэ, сом минитхум къыщыщIэдзауэ минипщIым нэскIэ йотхьэкъу.

2. Къэрал IуэхущIапIэм (къулыкъущIэм) хабзэкIэ щызэфIах лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп хъыбархэр а органым (къулыкъущIэм) езымыт е ахэр зыгъэгувэ, Кодексым и 6.16-нэ статьям, 14.28-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 19.7.1-нэ, 19.7.2-нэ, 19.7.3-нэ, 19.7.4-нэ, 19.7.5-нэ, 19.7.5-1-нэ, 19.7.5-2-нэ, 19.7.7-нэ 19.8-нэ статьяхэм къыщыгъэлъэгъуахэм къищынэмыщIа, къэрал IуэхущIапIэм (къулыкъущIэм) апхуэдэ хъыбархэр иримыкъуу е мыпэжу езыт цIыхухэм Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 19.7-нэ статьям ипкъ иткIэ, тумэнипщIым щегъэжьауэ сом щищым нэскIэ, къулыкъущIэхэм - сом щищым къыщыщIэдзауэ щитхум нэблагъэкIэ йотхьэкъу.

3. Ягъэува квотэм къитIасэу, илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 18-м нэс зи ныбжьхэр лэжьапIэм къэзымыщтэ, апхуэдэу лэжьыгъэ зымыгъуэт цIыху гуп щхьэхуэхэм IэнатIэ къыхудахын папщIэ квотэ гъэувыным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и законодательствэм зэрыжиIэм хуэдэу, хъыбархэр езымыт унафэщIхэм сом щитхум щегъэжьауэ минищым нэскIэ йотхьэкъу.

Чэнджэщ хуейуэ щIэупщIэнухэр КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм зыхуэвгъазэ, цIыхухэм лэжьапIэ къахуэзылъыхъуэ департаментым и унафэщI АфэщIагъуэ Къантемыр **42-27-54** телефонымкIэ фепсалъэ.

Ди хэщIапIэмрэ телефонхэмрэ министерствэм и **www.mintrudkbr.ru**. сайтым къыщывгъуэтынущ.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Налшык

Псыр къащIэмыуэн щхьэкIэ

Илъэс къэс Налшык, Аруан псыхэм я къиугъуэ зэманым (накъыгъэм - шыщхьэуIу мазэхэм ирохьэлIэ) «Химик» дачэ щIыпIэр шынагъуэ хохуэ, ар къащIэуэнкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу.

НАЛШЫКЫПСЫР Аруаным щыхэхуэж щIыпIэм деж псым и хуабжьагъыу къехым зэуэ хощI, Аруан псы жапIэхэр псыхьэлъахуэхэмрэ пшахъуэмрэ зэрыIуащIэм и зэранкIэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, кIуапIэ зимыIэж псыр къыщхьэдоуэхри, хадэ щIапIэхэр Iэсраф ещI.

Ар къэмыгъэхъуным ехьэлIа лэжьыгъэхэр мы махуэхэм и кIэм нагъэс. Iуэхум текIуэда сом мелуани 3,8-р къэрал бюджетым къыхагъэкIащ. Псы жапIэхэр гъэкъэбзэным пыщIа лэжьыгъэхэр «Къэбалъкъгидрострой» IуэхущIапIэм зэфIигъэкIащ. Ипэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ лэжьыгъэм и нэIэ тетащ КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Ухуэныгъэр и кIэм нагъэс

Прохладнэ къалэм дэт курыт еджапIэ №1-м зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм я къудамэ къыщызэIуахынущ.

«2011 - 2015 гъэхэм кърикIуэгъуэм еджэныгъэм зегъэужьын» федеральнэ программэм хиубыдэу зэфIаха лэжьыгъэщ мыр. Прохладнэ къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и Управленэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, мы зэманым пэш кIуэцI лэжьыгъэ цIыкIуфэкIухэр и кIэм нагъэс. Садым щылэжьэнухэмрэ абы кIэкIуэлIэну сабийхэмрэ ягъэбелджылащ. Гупхэр 11 мэхъу, псори зэхэту сабий 200 къызэщIауфыдэу. «ЛэгъупыкIъу» зыфIаща сабий гъэсапIэм и бжэр цIыкIухэм яхуэзIуихынущ бадзэуэгъуэм и кIэм.

Мы ухуэныгъэм сом мелуани 129-рэ мин 502-рэ текIуэдащ. Лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу кърихьэлIащ «Стройгранд» IуэхущIапIэм. ЕзыгъэщIар КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Зыужьыныгъэм хуэгъэпса жэрдэмыщIэхэр

• Пресс-конференц

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм зэхиша пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ ди республикэм туризмэм зыщегъэужьыным ехьэлIа проектыщIэхэм.

Курорт гуэлыр.

АБЫХЭМ ящыщ зыр, 2016 - 2018 гъэхэм Налшык къалэ и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыщызэрагъэпэщыну турист-рекреацэ кластерыщIэм, «ХьэтIохъущокъуэм и хадэ» зыфIащам, хуэгъэзар, «2011 - 2018 гъэхэм УФ-м къэрал кIуэцI, къэрал щIыб туризмэм зыщегъэужьын» федеральнэ программэ хэхам хагъэхьащ.

- Налшык паркым и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыщыунэхунущ, «Псы пщтыр хъумапIэ» зыгъэпскIыпIэ-зытегъэупIэ комплексыр. Абы гектар 1,6-рэ хухахащ. «Курорт гуэлым» къыщыщIэдзауэ цыхэкIхэр щащэ бэзэрым нэсыху, лъакъуэрыгъажэкIэ къыщажыхь, лъэсу къыщакIухь лъагъуэхэр псы Iуфэм декIуэкIыу щыпхашынущ. Мы щIыпIэм щаухуэнущ цIыху 50-м нэблагъэ щрагъэблэгъэфыну хьэщIэщ, шхапIэ, псы хуабэ зэрыт гуэнхэр, дыгъэ зытегъэпсапIэхэр, псы зытелъадэ джабэ цIыкIухэу сабийхэри балигъхэри къызэжэх хъунухэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ зэхыхьэр езыгъэкIуэкIа министр Шагин Сергей.

Проектыр гъэзэщIэным сом мелард 1,6-м щIигъу текIуэдэнущ. Абы щыщу сом мелуан 400,72-р федеральнэ бюджетым къыхэкIынущ. Республикэм сом мелуан 80,14-рэ хилъхьэнущ. Сом мелардрэ мелуани 122-р бюджетым щымыщ ахъшэщ. «ХьэтIохъущокъуэм и хадэ» проектыр зэхэзылъхьахэм къызэралъытэмкIэ, абы къыдэкIуэну ухуэныгъэщIэхэм Налшык и курортым зрагъэужьыжынущ, и мыхьэнэми зыкърагъэIэтынущ, республикэм лэжьапIэ IэнатIэу 100-м щIигъу къыхузэрагъэпэщынущ.

БЭРАУ Бышэ.

Хыжьейм адэкIэ щыIэ щIыналъэр ухуэныгъэщIэхэм поплъэ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрызыхэтщIэщ

• Урыху и псыхъуащхьэхэмкIэ

ЛъакъуэрыгъажэкIэ зекIуэ гъуэгуанэ техьэныр, «велотуризм» жыхуаIэр, нэ щIэщыгъуэкIэ дунейр уэзыгъэлъагъу Iэмал гъуэзэджэхэм ящыщ зыщ. Абы хузэфIокI, лъэсу къэпкIухькIэ щIэх зэщIумыгъэхьэфын, автомашинэкIэ уздынэмысын щIыпIэ телъыджэхэр къуигъэплъыхьын. Апхуэдэ гъуэгуанэ техьэныр цIыхур зыщIэзыгъэгупсысыж, и псэм нэхур хэзыгъапсэ, зезыгъэгъэпсэху, махуэ къэс къыдэгъуэгурыкIуэ «къызэрыгуэкI» дунейм щыхэтым деж зыхимыщIэ гугъэпсэхугъуэм изышэщ, «медитация», «философия» псалъэхэм къызэщIрагъэубыдэ гупсысэкIэм лъэмыкIыу нэхъ гъунэгъу хуэзыщIщ. Велотуризмэм зыиегъэплъыхь, уи къэухьым зрегъэубгъу, абы къыдэкIуэуи, псэр сытым дежи зыхуэныкъуэ икIи зыхуэпабгъэ хуитыныгъэм нэхъ гъунэгъу ухуещI.

ЗЫIЭЩIИМЫГЪЭЗ и гъущIышым фIэкIа зыщыгугъын имыIэу, зызрипщытам зэрыхуэхьэзыр щIагъуэ щымыIэу, здынэсыну и нэ къызыхуикI лъэныкъуэхэм абы ипэкIэ зэи щымыIауэ, зи гугъу тщIы гъуэгуанэм хуэдэхэм и закъуэ техьэн папщIэ цIыхум гуфI кIуэцIылъу, зи ужь ихьа Iуэхум зригъэтхьэкъуауэ, нэгъуэщI-къинэмыщIхэмкIи гупсысапIэ зримытыжу щытын хуейщ. А псом къадэкIуэу, дауи, мыхьэнэшхуэ зиIэщ, зэман пыухыкIа гуэркIэ уи закъуэу къэпкIухьынымрэ абдежым щызыхэпщIэ гурыщIэхэм уакIэлъыплъыжынымрэ.

Агупсысэхэр къызэрыспкърыуарагъэнщ махуитIым къриубыдэу щIысхуэзэфIэкIар, япэщIыкIэ лъакъуэрыгъажэкIэ Налшык сыкъыдэшэсыкIыу Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсын, ар зыдэс псыхъуэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым километр 20 хуэдизкIэ «зыдэздзеин», абдежми сыкъыщымыувыIэу, ОсетиемкIэ есIуэнтIэкIын, а Iэхэлъахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ къыщытпэгъунэгъу Ираф куейм и къуажащхьэ Шэгуолэ (Чикола) сыдыхьэн, аргуэрыжьу ипщэ лъэныкъуэм зесту, километр 22 хуэдизкIэ сыдэжеин, тIуащIэ абрагъуэм жьанэ IузэвкIэ зыкъыщызэрихъуэкI щIыпIэм Урыху къыщыдэкъуэлъыкIхэм деж шэджагъуэ мыхъуу сыIухьэн.

А лъэхъэнэм нэхъ сызыхуэпабгъэри, сыдэзыхьэхыу щытари тпэжыжьэ щIыналъэхэм зыщысплъыхьынырт, псом хуэмыдэжу ахэр лъэсу е лъакъуэрыгъажэкIэ зэщIэзгъэхьэнырати, мы иджырей си зекIуэ цIыкIум нэхъ гукъинэж щысщыхъуахэм щыщIадзар, гъуэгу нэхъыщхьэр, Лэскэн псыхъуэм къыдигъэзыкIыу, шытх цIыкIум и бгъуэщIым кIэрыхьа иужькIэщ. Абдежым сэнтхым ныджэрыхуэплъэу иджыри къыздэсым декIуэкIа мэзри кIуэщIащ. Дэри, гъущIышымрэ сэрэ, хуэщхьэхынафэ хуэдэ зытщIми, зытIуантIэ-зытшантIэми, дыхуемыпIэщIэкIыщэурэ тIуащIащхьэ сэнтхым кIэрыхьэ гъуэгум дытехьащ...

КъеплъыхыпIэм дытету

Лэскэн псыр зыдэт тIуащIэр ищхьэхэмкIэ щынэхъ зэвщ икIи удыхьэну гугъущ. Абы тыншу щызекIуэр зи лъащIэр лъагэу Iэта машинэхэращ. Арагъэнщ, гъуэгу нэхъыщхьэр, ищхъэрэкIэ къикIыу къыщыдэкIуейкIэ, Лэскэн Езанэ осетин къуажэм къызэрыфIэкIыу, сэмэгу лъэныкъуэмкIэ къэлъагъуэ лъагапIэм (тIуащIащхьэ шытхым) щIыхуеIэр.

ГъэщIэгъуэнщ абы удэкIа иужькIи зыхэпщIэ гурыщIэм укIэлъыплъыжыну: мыдэ къыпхуэгъэIэсэнкIэ шэч къызытепхьэу щыта шы Iэубыдыпlэншэ гуэрым ушэсам хуэдэщ, уи гукъыдэжым апхуэдизкIэ зыкъызэщIеIэтэри. А лъагапIэм укъытехутауэ укъызэплъэкIыжмэ, зыкъызыщхьэщыпIэтыкIа кIейри (тIуащIэ лъащIэр), Лэскэн Езанэ къуажэри, абы и Iэгъуэблагъэри Iэгум илъым хуэдэу дахэ дыдэу уолъагъу. Сэнтхым осетинхэр «Касани сар»-кIэ йоджэ («сар» - «щхьэ», «касани» - «укъыздеплъых хъу». Сытми, «укъыздеплъых хъу лъагапIэ», «къеплъыхыпIэ» жыхуиIэщ.

Гу зэрызылъыстэжамкIэ, си цIыкIущхьэхэм щегъэжьауэ сфIэфIщ къуакIэбгъыкIэхэм къыщыскIухьын, сыкъыздыщыщIидз щIыпIэхэм щыпсэу, нэхъапэм щыпсэууэ щыта лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам зыхэзгъэгъуэзэн, сызыхэсыхь щIыуэпсым зыдезгъэхьэхрэ дахагъэрэ гъащIэу абы къыдитыр зыхуэдизыр зэрысхузэфIэкIкIэ зыгурызгъэIуэн.

Адыгэр сытым дежи щIыуэпсым и къарур зыхищIэрэ абы дэгъуэгурыкIуэу, Iущагъэм тегъэщIа дуней еплъыкIэ, зэплъыжыкIэ гъэщIэгъуэн иIэу, а псом къыдэкIуэуи и щхьэм пщIэ хуищIыжу къекIуэкIащ. Ди лъэпкъыр зэи щыщIакъым сабийм хуэдэу зи гур къабзэ, кууэ зыщIэгупсысыжыф цIыхухэм. Арагъэнщ, абы къыщIыхуэгъэщIар цIыхугъэ нэсым и джэлэсу, и щапхъэ телъыджэу дуней псом щалъытэ «Адыгагъэмрэ» ар къызэрагъэлъагъуэ «Адыгэ хабзэмрэ».

Лэскэн псыр мэзхэми къапхож.

ИжьымкIэ къыщыдгъэна Лэскэн Ипщэ, Ташлы-Тала къуажэ цIыкIуитIым я къэунэхукIэ хъуахэр гъэщIэгъуэнщ. Япэр, ихъуреягъкIэ къепщIэкIа мэзхэм щIагъэна къуакIэбгыкIэ мылъагэ дыдэхэм «къакъуэплъу», Лэскэн и къуэладжэм и лъабжьэхэмкIэ щысщ. ЕтIуанэр, Ташлы-Тала, къырылъэ жьанэм Хъырзынэпс (Хъазнидон) къыщыдэунэхукIхэм деж щIыуэпсым сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыдрищIея мывалъэ тафэм зытриуфэбгъуауэ тесщ.

Абы лъандэрэ Лэскэн Ипщэ сыдэмыхьами, иджыпсту хуэдэуси нэгукъысхущIэгъэувэжынущ а жылэ цIыкIум дэта унэхэм я ухуэкIэу щытари, уэрамхэм я зыгъэзэкIэри, абдежым блэж псыр пщэдджыжькIэрэ псэм дыхьэу къабзащэу, къэзыухъуреихь мэзхэм къащIиху салъкъыныр пкъым щызу зыщIэтшэу зэрыщытари.

2014 гъэм Лэскэн Ипщэм цIыхуи 157-рэ дэсащ. Абыхэм ящыщу 64-р адыгэт, 52-р осетинт, 24-р урыст, 19-р балъкъэрт, 9-р тэтэрт.

Лэскэн Ипщэ

Мэзыр куэду зэрыщыIэм къыхэкIкIэ, иджырей Лэскэн Ипщэр здэщыс щIыпIэм деж, япэщIыкIэ, 1929 гъэм, пхъэ щызэгуах заводрэ абы къепха цехрэ щаухуауэ щытащ. А предприятэ цIыкIуитIым я Iэгъуэблагъэм тIэкIу-тIэкIуурэ щетIысэха унагъуэхэм 1948 гъэм къуажэ цIыкIу къыщызэрагъэпэщащ. А зэманым Лэскэн Ипщэм «Фанернэ»-кIи еджэрт.

Совет лъэхъэнэхэм жылэ цIыкIум дэтар класси 8 еджапIэт. Абы и унэ кIыхьым гъэмахуэ хъуамэ пионер лагерь къыщызэрагъэпэщырти, Аруан районым и школакIуэхэм зыщагъэпсэхурт. Си щхьэкIэ абы тIэунейрэ пIалъэ пыухыкIа гуэркIэ сыщыIауэ щытащ, сабиигъуэр щисха Лэскэн ЕтIуанэм, нэгъуэщI си еджэгъу цIыкIухэм сащIыгъуу, сыкърашурэ. ИужькIи, ди анэм дыкъызэщIикъуэурэ, си къуэш Амиррэ сэрэ ди хадэм ит кхъужьей жыгышхуэхэм къапыщэщхэр къыдигъэщыпурэ «Фанернэм» мызэ-мытIэу дигъэхьауэ щытащ, а къуажэм дэт бэзэр цIыкIум щыдигъэщэн папщIэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщызуха илъэсми, си гур абыкIэ щыIэти, а махуэхэм ирихьэлIэу ди деж хьэщIапIэ къэкIуауэ щыта, си анэш къуэш Бэрау Артуррэ сэрэ, къуэм дэт псыр къыздыщыщIидзэр къэтхутэн мурадыр диIэу, пшапэзэхэуэгъуэ хъуа пэтми, Лэскэн ЕтIуанэм дыкъыдэкIыу абы и псыхъуащхьэхэмкIэ дыдэущеяуэ щытащ...

Ташлы-Тала

Псалъэр Iыхьитlу зэхэлъщ: «ташлы» - «мывалъэ», «тала» - «хуей». Мы жылэр Лэскэн щIыналъэм и къуажащхьэ Анзорей километр 35-кIэ, Налшык километр 70-кIэ пэжыжьэщ. Ди республикэм и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ. Мы зэманым цIыху 650-м нэблагъэ щопсэу. Лэскэн Ипщэ, Жэмтхьэлэ, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм нэхъ япэгъунэгъущ.

КъБР-м и Дэфтэр хъумапIэ нэхъыщхьэм щIэлъ актхэм ящыщ зым, 1928 гъэм шыщхьэуIум и 23-м ятхам, мыпхуэдэу итщ: «Ташлы-Тала къуажэр гъатхэпэ мазэм къызэрагъэпэщащ. Дэсхэр Балъкъэр Ипщэ жылагъуэм къыдашащ, цIыху 350-рэ щопсэу, унагъуэ 64-рэ мэхъу». Ауэ а къуажэр абы ипэжкIи щыIащ икIи абы 1920 гъэ пщIондэ «Темиркановский посёлок»-кIэ еджэу щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, XVIII лIэщIыгъуэм икIэхэм, Балъкъэр Ипщэ жылагъуэм дэса Темыркъанхэ (Темырхъанхэ) зы гуп къахэкIри Дигорым (Осетие Ищхъэрэм) Iэпхъуащ. Абыхэм XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм къыщагъэзэжым, иужьым «мывалъэ хуейкIэ» зэджэ хъуа сэтей щIыпIэр къаIэщIэлъэгъуащ. КъэIэпхъуэжхэм абдежым зыщрагъанэри къуажэ цIыкIу къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм осетин пщылI зыбжани ящIыгъут.

КъэунэхуагъащIэ жылэм «Темиркановский»-кIэ еджэу зэманыфIкIэ къекIуэкIащ. Налшык округым и унафэщIхэм ар япэщIыкIэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм и администрацэм ирапхащ, арщхьэкIэ куэд дэмыкIыу Анзорхэ Къесын и къуажэм (иджырей Анзорейм) иратыжащ. АбыкIэ Балъкъэр Ипщэ жылагъуэм и старшинари арэзы хъуауэ щытащ, япэIэщIэ жылэ цIыкIум хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIыфым, къыщыхъу-къыщыщIэхэм тэмэму зэрыкIэлъымыплъыфым къыхэкIыу.

АрщхьэкIэ зэкIэлъымыкIуагъэхэм абы иужькIи кIэ ягъуэтакъым. Сыту жыпIэмэ, Темиркановскэ посёлкэм щыпсэухэм я нэхъыбапIэр гуащIэдэкI лэжьыгъэм емыса, дыгъуэн-фыщIэныр зи щIасэ таубийхэрат (лIакъуэлIэшхэр). Абыхэм Къэбэрдеймрэ Дигорымрэ щIэхщIэхыурэ къыщаущыхьырт, псыхъуэхэм кIэрыутIыпщу дэт Iэщыр кърахужьырт.

Ауэрэ, мы къуажэ цIыкIур нэгъуэщI щIыпIэ къикI шыдыгъухэми я зекIуапIэ хъуащ. Налшык округым и администрацэм, а псом щыгъуазэу къыщIэкIынти, посёлкэр зыбжанэрэ зэбгрихужауэ щытащ. АрщхьэкIэ мы щIыпIэм цIыхухэр аргуэру щызэхуэсыжырт. Иужьым, Темиркановскэр Къуэжьыкъуей Ипщэми (Жэмтхьэлэ), Лэскэн Езанэми администрацэ и лъэныкъуэкIэ пащIауэ щытащ, ауэ абыи къикIа щыIэкъым. Зыри щымыхъужыххэм, 1915 гъэм посёлкэм дэсахэр адрей щIыпIэхэм ягъэIэпхъуащ. Абыхэм ящыщу унагъуэ зыбжанэ Анзорхэ Къесын и къуажэми дагъэтIысхьауэ щытащ.

1917 гъэм ирихьэлIэу, а щIыпIэм къинэжауэ щытами унагъуиплI къудейщ. Ахэр цIыху 23-рэ хъурт. 1928 гъэм Темыркъанхэ (Темырхъанхэ) зэрыщыту, адрей таубийхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым ирагъэIэпхъукIауэ щытащ. Абы иужькIэщ Балъкъэр Ипщэ дэсахэм ящыщу унагъуищэ «мывалъэ хуейм» щрагъэтIысхьэжауэ щытар.

Къыщыунэху тIуащIэр къызэрымыкIуэу дахэщ

СэмэгумкIэ езыгъэзэкIа гъуэгум сыздрижэм, Даргуэм псы гуэж цIыкIур къызэзнэкIри, куэд дэмыкIыу Толдзгун къуажэм сыдэлъэдащ. Ар Лэскэн Езанэм зэрыпэжыжьэр километри 8-щ, Касалкун псым и Iуфэм Iусщ. Мы зэманым цIыху 500-м тIэкIу щIигъу дэсщи, и нэхъыбэр дигор осетинщ. ЩIыпIэцIэр тIууэ зэхэухуэнащ: «толдзэе» - жыгей, «гун» - гуэрэн (адыгэбзэм хуэбгъакIуэмэ «жыгей гуэрэн»).

Псыхьэлыгъуэ зырызурэ Хъырзынэпсыр къыздыщыщIидзэ мылылъэ къуршхэм километрищым щIигъу я лъагагъщ. Абы зыкъыщызэщIикъуэ къуршылъэ тIуащIэр лъэныкъуитIымкIи шытх зэрамыщIэжхэмкIэ къэувыхьащ. ЩIыпIэцIэхэр джыным куэд щIауэ дихьэх Твёрдый Александр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «Хъазнидон» псалъэр Iыхьитlу зэхэлъщ: «хъызны»-рэ «дон»-у (адыгэбзэм хуэбгъакIуэмэ «псы»-рэ «бэв»-у). ФIэщыгъэр псыр зыдэт къуэр хъупIэкIэ зэрыбейм къытехъукIауэ жызыIи щыIэщ. Езы псым километр 40 и кIыхьагъщ, Хъазнидон къуажэм деж Урыху щыхохуэж.

Толдзгунрэ Хъазнидонрэ я зэхуаку дэлъ километри 5-р тынш дыдэу къызэзнэкIащ. Тхыдэм ириплъэжхэм къызэрахутамкIэ, Хъазнидон къуажэм теухуа япэрей хъыбарым 1753 гъэм ягъэхьэзырауэ щыта дэфтэрым ущрохьэлIэ. А тхыгъэм къызэрыхэщыжымкIэ, «Къарэджэу» осетин жылэр адыгэпщ Къетыкъуэхэ я IэмыщIэ илъу щытащ. Ди зэманым а къуажэм цIыху миным нэблагъэ дэсщ.

Хъырзынэпс Урыху щыхэлъэдэжым деж къыщыунэху тIуащIэр къызэрымыкIуэу дахэщ. Мыбдежым уэру щызэхуос зи нэгу зезыгъэужьыну, зызыгъэпсэхуну гукъыдэж зыщIахэр. Осетие Ищхъэрэм щыпсэухэм къищынэмыщIа, абыхэм яхыболъагъуэ нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэри. Девгъэгупсысыт атIэ: дэ тщыщу хэтыт емыхъуэпсэнур, зи нэр зытемыдиенур зыхуэплъэ тафэм щхъуантIабзэу щыуфафэ удзылъэр пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыг баринэхэмкIэ къэухъуреихьыжарэ абдежым зыщызыгъэпсэхухэм ящыщу щхьэукъуэну хуейхэм папщIэ, гущэкъу уэрэду зи даущ макъыр къэзыгъэIу Урыхужь зыдэт къуэбэкъур лъэбакъуэ бжыгъэкIэ фIэкIа зэрапэмыжыжьэр и нэгу къыщIэуватэмэ... А псори зэлъытэжар щIыуэпсыр зэрызыхэтщIэщ.

СызэрыцIыкIурэ сцIыху IуащхьитI.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

• Псэущхьэхэр

ЕфIэкIуэныгъэхэр нэрылъагъуми

Дызэрыщыгъуазэщи, ди республикэм и щIыналъэр зыхуэзэр Кавказ шытх нэхъыщхьэм ищхъэрэ лъэныкъуэкIэ гъэза и джабэщIхэмрэ абыхэм я лъабжьэжкIэ щыIэ губгъуэхэмрэ я курыхырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэр егъэщIылIащ: ищхъэрэкIэ - Ставрополь крайм, къухьэпIэмкIэ - Къэрэшей-Шэрджэсым, ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ - Осетие Ищхъэрэ-Аланием, къуэкIыпIэмкIэ - Ингуш Республикэм, ипщэмкIэ-Куржым.

ДИ РЕСПУБЛИКЭР щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ бей щIыналъэу къалъытэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэу куэд щопсэу. Абыхэм яхэтщ Кавказым фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ узыщримыхьэлIэхэри. Ар къыхокI ди щIыгум щIыIагъэ-хуабагъэ, псыIагъэ-гъущагъэ я лъэныкъуэкIэ щыщыIэ щытыкIэмрэ лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэу и геологием къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ.

Псэущхьэхэм я нэхъыбапIэм егъэзыпIэ нэхъ яхуэхъури щыпсэуну нэхъ къыхахри мэзхэращ, псом хуэмыдэжу къыр зэхуакухэм къыщыкIхэрщ. Ди «нэхъыщIэ цIыкIухэу» псэ зыIутхэм мэзым и зы дэтхэнэ къуапэри я унапIэщ. Зи хъыбар куэдрэ зэхэтх нэрымылъагъу цIыкIужьейхэм я мызакъуэу, ди нэм къиубыд тIэкIу нэхъ иныIуэхэми жыгыпкъхэр, абыхэм къапыкIэ тхьэмпэхэр, жыг лъабжьэхэр, езы щIы щхьэфэ дыдэри псэупIэ яхуохъу. Бзу зэмылIэужьыгъуэхэр, кIэпхъхэр, мэз джэдхэр, былъырыкухэр, нэгъуэщIхэри къудамэхэм тесщ, жыг кугъуанэхэм исщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ узыщрихьэлIэ хьэкIэкхъуэкIэхэр щыхь, бжэн, мыщэ, дыгъужь, бажэ, ужьэ, дзыдзэ, уашхэ, елэн (былъырыку), мэз джэду, тхьэкIумэкIыхь, кIэпхъ хуэдэхэращ.

Ди республикэр хэщIапIэ зыхуэхъуа псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ ящыщу нэхъ зыхуэсакъыпхъэ лIэужьыгъуэу къалъытэ 222-р. Абыхэм ящыщу 73-р Урысейм и Тхылъ Плъыжьым иратхащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр биологие зэмылIэужьыгъуагъэкIэ зэрыбейм и зы пщалъэу, абы къыдэкIуэуи, дыкъэзыухъуреихь дунейм къыгуэхыпIэ зимыIэ и зы Iыхьэу къоув.

Республикэм псыежэххэр и куэдщ. Псы къуэкIийхэм я зыубгъукIэр дэнэкIи щызэхуэдэкъым: къуршылъэ щIыпIэхэм щынэхъыбэщ, къуэладжэ къыдэжыпIэхэмрэ тафэмрэ щынэхъ мащIэщ. Псыр бгыщхьэхэм зэрыщыщIыIэтыIэм, и къэжэкIэр зэрыщынэхъ къуейщIейм къыхэкIыу, бдзэжьейуэ хэсри нэхъ мащIэщ, тафэхэм зыщызыубгъу псыхъуэхэм щынэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ипсхэм бдзэжьей лIэужьыгъуэу 28-рэ хэсщ. Нэхъ цIыкIуIуэхэм нэмыщI, ахэр бдзэжьейкъуэлэн, бдзафэ, аргъей, пащIэкIапсэ, бгъэгулъ хуэдэхэращ.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм ЩакIуэ IуэхухэмкIэ и департаментым республикэм кIэлъыплъыныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ щрегъэкIуэкI, хьэкIэкхъуэкIэхэр къызэращэкIу, бдзэжьей зэрещэ щIыкIэхэр зэхегъэкI, зыхуимыт зылэжьхэр хабзэм ирешалIэ. Абы къыдэкIуэуи къыхэгъэщыпхъэщ, псэущхьэхэр хъумэным, абыхэм яхуэмыфащэ хэщIыныгъэ емыгъэгъуэтыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ефIэкIуэныгъэ гуэрхэр къызэрырикIуэр нэрылъагъуми, департаментым щылажьэ инспектор 13-м я закъуэкIэ, нэгъуэщI къадэмыIэпыкъумэ, республикэм и щIыналъэр зэрыщыту щIэплъыкIа зэрымыхъунур. Ар къалъытэри, министерствэм и унафэщIхэм иджыблагъэ къыхалъхьащ Жылагъуэ инспекторхэм я институт, щакIуэ Iуэхухэм телажьэу, къызэгъэпэщын хуейуэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

Ди республикэр зи хэщIапIэ мэз бжэн.

Къурш бжэным и дзыхь кърегъэз.

Агуий

• Адыгэ щIыпIэцIэхэр

Агуий - аращ зэреджэр тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iут ТIуапсы къалэм и гъунэгъуу щыс шапсыгъ къуажэмрэ абы блэж псымрэ. А цIэ дыдэращ зэрихьэр метр 888-рэ и лъагагъыу а жылэм къыщхьэщыт мэзылъэ Iуащхьэми. «Агуий гъуэгукIэ» еджэрт Псыбэ, Агуий адыгэ жылэхэр зэпызыщIэу щыта лъагъуэми. А щIыпIэм щыпсэухэм къагъэсэбэп «Агуияшъхь» («Агуий и псыхъуащхьэ») псалъэри.

«АГУИЙ» фIэщыгъэр къызытехъукIам теухуауэ Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, ар цIыхум хужаIэ «гуей», «гуий» псалъэхэм къытепщIыкIащ. Шапсыгъхэм а жыIэгъуэхэм «хахуэ», «гушхуэ зыкIуэцIылъ», «лъыгъэ зыхэлъ», «щхьэмыгъазэ», «шынэ зымыщIэ» мыхьэнэхэращ кърагъэкIыр. НэгъуэщIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мы фIэщыгъэр къуажэр бгы зэхуакум дэубыда хуэдэу зэрыщытым къытехъукIащ.

XIX лIэщIыгъуэм Швейцарием щыпсэуа франджыкъуэм ящыщ, зекIуэлI икIи геолог-тхакIуэ Дюбуа-де-Монпере 1833 - 43 гъэхэм Кавказым щызэплъыхьауэ щытащ. А зекIуэм триухуа и тхылъым узыщыхуэзэ «Aughuie» псалъэр абы ТIуапсы и гъунэгъуу щыIэ къуажэм зэреджэу щытарщ. «Агуий» фIэщыгъэр XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэм зи лъэужь кIуэдыжауэ щыта адыгэ лъэпкъым и цIэм къытехъукIауэ къилъытэрт.

АБЭЗОКЪУЭ Ахьмэд.

Къыр Iуззым Агуий къыщыдджым.

НапIэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Къумахуэ Аслъэнщ.

Къэжэр Артур и псалъэ

Щоджэн Iэминат щIыхь тхылъ ярет.

Куянцевэ Еленэрэ Къардэн Рузаннэрэ.

Адыгэбзэ къудамэр къэзыуххэм я махуэ лъапIэр

● Лъэпкъ Iуэху

Щоджэнцыкiу Алий и цIэ зезыхьэ Къэбэрдей къэралдрамэ театрым иджыблагъэ иIэтауэ щагъэлъапIэ КъБКъУ-м и Филологие институтым и адыгэбзэ къудамэр къэзыуххэр. Псори зэхэту (бакалаврхэр, магистрхэр, гъэкIэщIа программэкIэ, заочнэу еджахэр) къэзыуххэм я бжыгъэр цIыху 48-рэ хъурт.

КъБКъУ-м и Адыгэ щэнхабзэ центрым, адыгэбзэ кафедрэм, университетым кафедэмрэ уэрэдыжкIэ и «Аминк» гупым и художественнэ унафэщI Къул Амир сымэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пшыхьым къахуеблэгъат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур, КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашин Анэор, адыгэ тхакIуэ, критик ХьэкIуащэ Андрей, щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий сымэ, кафедрэхэм я егъэджакIуэхэр, къудамэм и студентхэр.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджа ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ илъэс куэдкIэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыта, адыгэ тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Андрей. ЕджапIэр къэзыуххэм зацщыхуигъаз эм Андрей къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм ныхаха Iэщ1агъэр зэрымытыншыр, ауэ сабийхэр фIыуэ пльагъумэ, мы Iэнатlэми ехъулIэныгъэхэр зэрыщысыIэрыбгъэхьэфынур, адыгэбзэм игъащIэ псокIэ хуэлэжьэну хуит зыщI тхылъыр къэзытыж еджапIэм абыхэм дзыхь къаригъэзу, зэманым декIуу щIэныгъэм, егъэджэныгъэм хуэлэжьэну пщэрылъ къаззрыщицIыр.

КъБКъУ-м и ректорым къыбгъэдэкIыуи езым и цIэкIи гуфIэгъуэ махуэр зытеухуахэм ехъуэхъуащ проректор Къэжэр Артур.

- Нобэрей махуэшхуэм и мыхьэнэр зэрыиныр псоми къыдгуроIуэ. IэщIагъэ зэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэ 48-м куэдкIэ дащогугъ. Мы къудамэр къэзыуххэр, къапщтэмэ, адрей факультетхэм щеджэхэм къащхьэщокI, абы и щхьэусыгъуэри ахэр лъэпкъ тхыдэм, анэдэлхъубзэм, литературэм нэхъ пэгъунэгъуэ зэрыщытырауэ къыщIэкIынщ, я хьэлэщэнри убзыхуа хъуным ипэкIэ къисIуа Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч къыетехьэркъым. Фи IэщIагъэм, щIэныгъэм я хьэр фльагъуу фыпсэуну сынывохьуэхъу! - къажриIащ Къэжэр Артур.

Къардэн Мусэдин студент къыхэжаныкIахэр егъэлъапIэ.

Унэлiокъуэ Вячеславрэ Къалэжьокъуэ Заремэрэ

Филологие институтыр къэзыуххэм ящыщу цIыхуитхум: Къардэн Рузаннэ, Хьэрэдурэ Аллэ, Хьэпэхъу Iэсият, Альтуд Заретэ, Тамбий Заремэ сымэ - диплом плъыжьхэр иратыжащ, фIы дыдзу зэреджам и щыхьэту. Абыхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ, саугъэт лъапIэхэр яритащ Сэхъурокъуэ Хьэутий икIи ДАХ-м къыбгъэдэкIыу КъБКъУ-м хуэгъэза ФIыщIэ тхылъри яритыжащ. Абы къыхигъэщащ щIэныгъэр цIыхум зригъэгъуэт Iуэхугъуэхэм я нэхъ лъапIэ дыдэхэм зэращыщыр, мылькумрэ былымымрэ кIуэдыжми, щIэныгъэ зыбгъэдэлъым и щхьэр лъагэу Iэтауэ сыт зэманми гъащIэм зэрыхэтыфыр. Къыхаха Iэщ1агъэм емыпцIыжу, гъащIэм къахуигъэув къалэн щхьэпэхэр фIыуэ ягъэзащIэу псэуну ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ тхьэмадэм.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и тхылъыр зратыжхэм яхэтт еджэнри лэжьыгъэри зэдахьу, школхэм адыгэбзэр щрагъэджуэ къэзыуххэри. Ахэр Ахъмэт Рустам, Мэкiэтлей Светланэ, МэлейИнгэ, Къуэдз Оксанэ, Къэнэмэт Сусаннэ сымэщ. Хэти кьыгуроIуэ лэжьыгъэ IэнатIэ къепхьалIэу, еджэнри Iэпэдэгъэлэл умыщIу университетыр къэбухьыныр зэрымыIуэху тыншыр. Ар къалъытэри, мы ныбжьыщIэхэм щхьэхуэу ехъуэхъуащ, саугъэтхэр иратащ «Амра» щэнхабзэ фондым и унафащI ЛIызам Лидэрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къудзэ Щоджэн Iэминатрэ.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэджыну хуитныгъэ къезыт дипломхэр къэзыуххэм яритыжащ утыкум кърагъэблагъа, Филологие институтым и унафэщI Куянцевэ Еленэ. «Филолог» цIэ лъапIэр дяпэкIэ зэрахьэну Iэмал зэраIэр, лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ щIоблэм егъэджын, фIыуэ егъэлъагъун къалэныр абыхэм я пщэ къыздэрыдэхуэр къыхихигъэщащ Куянцевэм икIи къудамэм и егъэджакIуэхэм я цIэкIэ псоми гуапэу ехъуэхъуащ.

ГъащIэм зэрыхэпсэукIын щIэныгъэ, IэщIагъэ къезыта университетым, илъэситку-хыкIэ гугъу закъыдезыгъэхьа егъэджакIуэфIхэм яхуэгъэзэ фIыщIэ псалъэхэр жаIащ еджапIэр къэзыуххэм. Абыхэм къыхагъэщащ я Iэщ1агъэр зэрымытыншыр къаззрыгурыIуэр, ауэ я псэм фIэфIу къыззрыхахар икIи лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ гъэкIуэтэн къалэныр зи пщэ дэлъхэм зэращащыр зыхащIэу, пэжагъ яхэлъу а Iэнатlэр зэрырахьэкIынум шэч къызэрытрамыхьэр. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ ректоратым, къудамэм и лэжьакIуэхэм, университетыр къыщIаух махуэр гукъынэ щIыным зи къарурэ зэфIэкIрэ езыхьэлIа Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ.

Лъэпкъщэнхабзэм и дахагъэ псори щызэкуэхьэса Къэбэрдей театрым щекIуэкIа гуфIэгъуэ пшыхьыр ягъэдхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Думэн Мурадин, Дзэгъащтэ Азэмэт, уэрэджыIакIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Бэч Азэмэт, ЦокIыл Азэмэт, Уэзрокъуэ Темыркъан, ВэрылI Каринэ, Хъаний Аскэр сымэ.

КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.

Бэч Азэмэт

ЕМКЪУЖ Хьэсэнбий Жыхьфар и къуэр



И ныбжьыр илъэс 70-м ит зэуэзэпсэу Iалщ Емкъуж Хьэсэнбий Жыхьфар и къуэр.

Емкъуж Хь. Ж. 1945 гъэм Тэрч къалэм къыщалъхуащ. Еянэ классыр кIуиуха нэужь, Малэ-Къэбэрдей псыщIэгъэлъадэ системэм рабочэу щылэжьащ икIи щIалэгъуалэм я пщыхьэщхьэ школым щеджащ. 1963 гъэм щIэтIысхьэри, Ломоносов М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэралуниверситетыр 1969 гъэм кIуиухащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэмкIэ и щIэныгъэхэухтакIуэ институтым экономикэмкIэ и къудамэм и лаборант нэхъыжьу уващ, адэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш опытнэ станцым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу, а станцым экономикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ.

1972 гъэм ар ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым и япэ секретару хахащ. 1976 - 1978 гъэхэм КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэу Ростов къалэм дэтам щеджа нэужь, КПСС-м и Тэрч райкомым къызэрэпэщыныгъэмкIэ и къудамэм и инструктору ягъэуващ.

Емкъуж Хьэсэнбий 1979 гъэм цIыхубз депутатхэм я Тэрч къалэ исполкомым и тхьэмадэу, 1982 гъэм Ленинскэ комсомолым и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр налмэс Iэмэпсымэ заводым и парт комитетым и секретару хахащ. ИлъэситI дэкIри, а заводым и генеральнэ директорым и къуэдзэу ягъэуващ, 1992 гъэм щегъэжьауэ генеральнэ директорым и дэIэпыкъуэгъуу, зи чэзу IуэхухэмкIэ и къуэдзэу, генеральнэ директорым сату IуэхухэмкIэ и къуэдзэу лэжьащ.

1996 гъэм Емкъуж Хьэсэнбий къэрал налог инспекцэм и Тэрч Iуэхущ1апIэм щылэжьэну ягъэкIуащ икIи куэд дэмыкIыу абы и унафэщIу ягъэуващ. 2000 гъэм щыщIэдзауэ ар районым муниципальнэ мылъкумкIэ и управленэм и унафэщIу, хьэрычэт IэнатIэм зыщIэгъэкъуэныжьмрэ антимонопольнэ политикэмкIэ къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр налмэс Iэмэпсымэ заводым щыщIа лъэхъэнэм Емкъуж Хьэсэнбий Москва ЦIыхубз хозяйствэмкIэ и академиер заочнэу кIуихащ, абы иужькIэ Дунейпсо бизнесым и школ нэхъыщхьэу США-м щыIэм зыщигъэсащ.

2006 гъэм пенсэм кIуа нэужь Емкъуж Хьэсэнбий Жыхьфар и къуэр жылагъуэ лэжьыгъэм жыдэжру хэтащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и чэнджэщзэгъуу щытащ, дунейм ехьжьыху районым и «Адыгэ Хасэ» зэгухьанэгъэм и тхьэмадэу щытащ.

ИлъэсплIыщIым нэблагъэкIэ Емкъуж Хьэсэнбий лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIам и щыхьэтщ абы Комсомолым и юбилейм, ТекIуэныгъэ Иным я щыхьхкIэ ягъэува медалхэр, Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и щIыхь тхылъхэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм щыщ Кировскэ муниципальнэ районым и щIыхь тхылъыр, «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэм и администрацэм и щIыхь тхылъыр, КПРФ-м и Тэрч райкомым и щIыхь тхылъыр къызэрыратар, КъБР-м и Правительствэм и фIыщIэр къызэрыхуагъэфэщар.

Емкъуж Хьэсэнбий Жыхьфар и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

Бэлэтокъуэ В. Хь., Хьэжу В. Щ., Пэнагуэ М. А., Джатэгъэжь А. А., Хъущт А. А., КIэрэф М. А., Семэн П. Г., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Кьер М. Т., Хьэжу А. А., Хьэфыщ1э М. М., Дыкъуэ Хь. П., Гъуэныбэ Хь. М., Бесльэней В. С., ГъукIэпщ А. Хь., Алъкъащ В. М., Къуэдзокъуэ Ю. П., ЛIэужь А. Б., Борий Хь. Хь.

● Псапэ

Концертым фрагъэблагъэ

Бадзэуэгъуэм и 24-м сыхьэт 20-м щIидзэу «Ночной Стамбул» рестораным псапащIэ концерт щекIуэкIынущ.

КОНЦЕРТЫР ягъэдэхэнущ Кавказым и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ, шыкIэпшынауэ, пшынауэ нэхъыфIхэм. Апхуэдэхэщ Еуаз Зыбер, Иуан БетIал, Бэч Азэмэт, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Идар, Къаздэхъу Мухьэмэд, Хьэмырзэ Азэмэт, ЗекIуэрей Азэмэт, КIыщхэ Исльамрэ Каринэрэ, Сэралъп Марьянэ, Гузеевэ Индирэ, Лилу, Аппаев Алим, Жазаев Артур, Вынэ Ахьмэд, Елдар Семэ, Лысенкэ Янэ, Батчаев Исльам, Хуламханов Къайсын, ДжаАли, «Зона лирики» гупыр, нэгъуэщIхэри.

Зи нэгу зезыгъэужьыну гукъыдэж зиIэ псори концертым фрагъэблагъэ. Ар къызэрагъэпэщащ илъэсрэ ныкъуэрэ зи ныбжь Жанджэрий Амир и узынщагъэр иригъэфIэкIуэныжьмкIэ дэIэпыкъун папщIэ.

Рестораным и хэщIапIэр: Налшык къалэ, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ уэрам, 2. Билетым фыщыщIэупщIэ хъунущ «Ночной Стамбул» рестораным и кассэм.

Ту зылъытапхъэ: Концертыр къызэзыгъэпэщхэм я мурадщ апхуэдэ пшыхь мазэ къэс зэ ирагъэкIуэкIыну, республикэм иц сабий сымаджэхэм ядэIэпыкъун папщIэ.

● ФщIэн папщIэ

Сом мелуани 3-м щIигъу къуэды япшын

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м къызэрытымкIэ, гъэзэуж щекIуэкIэр зытх Iэмэпсымэхэм мэкъуауэгъуэм и 26 - бадзэуэгъуэм и 2-хэм къагъэлъэгъуащ хабзэм къемызэгъ Iуэху 8627-рэ ялэжьауэ. Абы ипкъ иткIэ къуэдыуэ сом мелуани 5-рэ мин 507-рэ тралъхьати, а зэманым къриубыдэу сом мелуани 3-рэ мин 44-рэ япшынащ.

КУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу упшын хъунущ. Абы фIэбгъэкIамэ, административнэ къуэдыр зэрыпралъхьам и унафэм и копиер Суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьэ) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ игъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и прокуратурэм

СудкIэ къыфIатхьэкъу

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ «Налшык хуабэ компание» ООО-м и унафэщI Щоджэн Тимур хуэгъэзауэ къалэта уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 176-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпэхьаджагъэ зэрилэжьам (хуимыту кредит къыззрищтам) къыхэкIыу.

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкIэ, гъэпцIагъэкIэ щIыхуэ къыIихын мурадкIэ, абы банкым иритащ 2009-2010 гъэхэм я Iуэхущ1апIэм и хэхъуэхэмрэ я хэщIкэмрэ зыхуэдам теухуа тхылъ нэпцIкIэр. Абы щыгъуэми, обществэм хэхъуэ иIахьым. А щыкIэм тегу, Налшык компанием сом мелуан 45-рэ зыIэригъэхьащ.

Щоджэн Тимур щIыхуэм пэкIуэр зэрыхилъхьэжар мазитIщ.

Абы къыхэкIыу, ямыгъэIэпэхуэ мылъкуу сом мелуан 40-м щIигъу и уасэ банкым судкIэ обществэм къыфIитхьэкъуащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым иритащ.

Илъэсипщ1 тралъхьэ

Щэджэм щыналъэм и судым и унафэкIэ, Щэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ, илъэс 22-рэ зи ныбжь щIыхуэхьур ягъэтIысащ. Ар ягъэкъуаншэрт УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпэхьаджагъэ зэрилэжьам (щIыхь зэриукIам) къыхэкIыу.

СУДЫМ къызэрихутамкIэ, 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м Щэджэм ЕтIуанэм и Краснэ уэрамым тет унэм и пщIантIэм илъэс 23-рэ хъу и къуажэгъум щыдефа нэужь, зэуэ и гур хэуплъу, Iэнэм кьпэришри, езауэу хуежьащ, иныгъ сэмкIэ и лIапIэм хуэзэу зыбжанэрэ епыджащ.

Судым ар къуаншэу къыпытащ икIи, прокурорым арэзы дэхъури, хэхауэ щагъэ колонием илъэсипщIкIэ исину игъэтIысащ.

Тезырыр ткIиищэу къыпытэри, нэхъ щабэ иригъэщIын мурадкIэ, абы и уэчылым тхьэусыхафэ итащ. Мы зэманым а тхылъыр хоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замир, Хьэжьыкъэр Алик, Щхьэцэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм изу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хитныыгъэр зэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкIыгъуэм елажьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжьыкъэр Алик, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1207